



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PWOJÈ 102 MILYON DOLA NAN BUILDING FAKILTE JENI AK SYANS APLIKE UNIVERSITY AT BUFFALO A

Angajman 68 milyon nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a lanse yon pwojè konstriksyon pou ede ogmante Mendèv STEM Eta a.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon pwojè 102 milyon dola ki pral kreye yon nouvo bilding pou loje Fakilte Jeni ak Syans Aplike (School of Engineering and Applied Sciences) nan Inivèsite Buffalo (University at Buffalo, UB) a. Finansman pou pwojè a gen ladan yon angajman 68 milyon dola nan Bidjè Eta pou 2023. Nouvo bilding lan pral loje Fakilte Jeni ak Syans Aplike UB a epi pèmèt inivèsite a satisfè demann enskripsyon ki ogmante pandan y ap ankouraje kwasans mendèv STEM nan eta a.

"Kòm youn nan inivèsite prensipal SUNY yo, n ap investi nan University at Buffalo pou fè li tounen yon enstitisyon rechèch klas mondyal pou kreye yon ekosistèm teknoloji ak avansman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo se kle pou ogmante revni ekonomik lè yo atire konpayi yo nan sant rechèch avanse ki ap parèt nan New York, ankouraje kwasans travay nan STEM, ak ranfòse kominote yo pou plizyè deseni kap vini yo."

Sèlman nan 10 ane ki sot pase yo, enskripsyon elèv premye sik nan lekòl la te ogmante de 60 pousan, epi enskripsyon elèv gradye yo te ogmante de 110 pousan. Otòn pase a, lekòl la te enskri yon rekò 7,401 elèv.

Bilding jeni an pral lokalize sou Kanpis Nò inivèsite a nan Amherst. Li pral solidifye davantaj plas UB pami premye inivèsite rechèch piblik nan peyi a. Bilding lan pral ede UB ogmante ak divèsifye mendèv STEM nan eta a, epi li pral kondwi devlopman ekonomik atravè rechèch akademik ak inovasyon nan entelijans atifisyèl, syans ki mezire pwopòsyon, materyèl avanse ak lòt domèn transfòmatif.

Bilding nan pral genyen yon "komiote enjenyeri", ki pral gen ladan espas kolaborasyon pou klèb elèv yo ansanm ak espas kreyasyon, sèvis sipò pou elèv, ak pwogram ki sipòte fòmasyon konpayi demaraj ak lòt aktivite antreprenaryal yo.

Atravè ekspansyon UB te planifye a, inivèsite a pral kapab rekrite ak kenbe plis elèv tou ki soti nan yon milye ki pa reprezante ase, yon priyorite pou divèsifye klas etidyan jeni yo. UB regilyèman kolabore ak òganizasyon kominotè yo pou ede prepare elèv lekòl mwayen ak segondè pou domèn STEM ak karyè potansyèl yo. Atravè pwogram tankou Tech Savvy, UB bay konferans sou karyè STEM pandan yon jounen ki fèt pou atire fi nan domèn sa yo epi pou enfòmè fanmi yo sou edikasyon ak karyè STEM yo. Pami lòt patenarya, UB travay ak National Grid ak Westminster Community Charter School pou ofri pwogram konsèy STEM yo, ki gen ladan eksperyans syantifik pratik nan UB ansanm ak leson syans nan salklas.

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Yon fwa yo fini, bilding lan pral loje youn nan pwogram k ap grandi nan UB yo epi li pral sèvi kòm yon sant inovasyon pou elèv STEM nou yo ak pwochen jenerasyon moun briyan ak pyonye ke yo pral swiv. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Asanble a Peoples-Stokes, Senatè Kennedy, ak tout Asanble Eta a ak Sena a pou investisman enpòtan yo nan enstalasyon modèn ak opòtinite antreprenaryal pou elèv New York yo."

Prezidan University at Buffalo a, Satish K. Tripathi, te deklare, "Yon nouvo bilding jeni depi lontan se youn nan pi gwo priyorite mwen, paske li pral gen yon enpak transfòmatif non sèlman sou kominote akademik nou an, men sou anpil kominote n ap sèvi yo. Gras ak teknoloji yo devlope la — ki pral kreye kwasans ak vitalite nan biznis ak endistri — ak etidyan yo edike la—ki pral kontribye ekspètiz yo nan mendèv ki gen anpil konpetans—benefis ekonomik yo pral pwolonje nan rejyon an, nan eta a ak odela. Nou rekonesan anè Gouvènè Hochul ak delegasyon Lwès New York nou an pou angajman fèm yo nan misyon ekselans UB a."

Kemper Lewis, Dwayen Fakilte Jeni ak Syans Aplike a, te deklare, "Tout bagay sou nouvo bilding lan pral fèt pou amelyore eksperyans elèv yo. Se pral yon pwen rasanbleman santral kote yo resevwa ak sipòte tout elèv yo nan yon espas ki ankouraje yo pouswiv kiryozi entelektyèl yo epi atake gwo defi ke nou menm kòm sosyete ap fè fas."

Senatè Eta Tim Kennedy, te deklare, "Angajman eta sa a se yon refleksyon konfyans nou genyen nan Fakilte Jeni ak Syans Aplike University at Buffalo a ak edikasyon san parèy li ofri elèv k ap chèche opòtinite nan endistri STEM yo. Avèk finansman sa a, nou pa sèlman investi nan eksperyans elèv Buffalo yo, men nan pi gwo mendèv nou an ak nan karyè dirab, inovan epi ki baze sou rechèch."

Senatè Eta a Edward Rath III, te deklare, "Lè nou te aprann sou ekspansyon pwopoze sa a atravè sesyon bidjè ane sa a, tout delegasyon Lwès la te aliye yon fason enstantane pou sipòte UB ak Fakilte Jeni ak Syans Aplike pa yo a. Mwen kontan pou UB ak pou tout kominote nou an. Sa a se yon investisman ki pral bay yon retou imedyat nan eta nou an pou fòmasyon li pral founi enjenyè nou yo epi asire siksè yo pou travay 21èm syèk k ap vini yo."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Lè Inivèsite Buffalo te pwopoze pou premye fwa nouvo bilding jeni pou ogmante enskripsyon pa yo, mwen te vin yon sipòtè pwojè sa a. UB pral kapab elaji pou bay yon edikasyon ekselan pou enjenyè ki pi pwomèt ki reflekte divèsite Lwès New York ak odela. Mwen kontan wè sa rive reyalize ak sipò Gouvènè nou an, ak kòlèg mwen yo nan lejislati a."

68 milyon dola nan finansman eta a fè pati yon investisman san parèy pa Gouvènè Hochul ak lejislati eta yo nan sistèm SUNY an, ki gen ladan li yon ogmantasyon 255 milyon dola nan èd fonksyonman, ak plis pase 660 milyon dola nan kapital adisyonèl pou SUNY sèlman. Nan UB, investisman konsa yo pral ede inivèsite a reyalize anbisyon li genyen pou l pami 25 pi gwo inivèsite rechèch piblik nan peyi a.

Nan kad efò sa a, inivèsite a vize reyalize pi gwo enpak sosyal nan amelyore pwodikтивite akademik ak divèsifye pòtfèy rechèch jeneral UB a; bay elèv yo eksperyans edikasyon inovan, ki fonde sou rechèch; bati sou kilti ekite ak enklizyon UB a nan entegre enklizivite davantaj nan tout aspè yo nan inivèsite a; ak apwofondi angajman li nan rejyon an nan ranfòse patenarya pou kontribye nan rezilta sante pozitif ak vitalite ekonomik.

Konsènan University at Buffalo

University at Buffalo se yon premye inivèsite piblik ki fè rechèch entansif, epi li se yon enstitisyon prensipal nan State University of New York (SUNY). Plis pase 32,000 elèv UB yo pouswiv enterè akademik yo atravè plis pase 500 pwogram premye sik, sik siperyè ak diplòm pwofesyonèl. Ffonde an 1846, University at Buffalo se yon manm nan Asosyasyon Inivèsite Ameriken (Association of American Universities, AAU) yo, ki gen ladan [inivèsite rechèch pensipal Etazini yo](#) 65 inivèsite rechèch AAU yo transfòme lavi atravè edikasyon, rechèch ak inovasyon.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418